

# Sipòte yon Zanmi Ou Lè Fè Cho Deyò a

Granmoun aje ak moun ki gen maladi kwonik pi an danje pandan peryòd gen gwo-gwo chalè yo. Tcheke sou yo chak jou.



- ✓ Asire yo gen yon è-kondisyone ki fonksyone.
- ✓ Si yo pa gen yon è-kondisyone ki fonksyone, ede yo jwenn yon kote ki fre, tankou kay yon vwazen, yon bibliyotèk oswa yon sant ki gen è-kondisyone. Rele 311 pou jwenn sant ki gen è-kondisyone ki pi pre a.
- ✓ Ankouraje yo pran yon douch oswa beny dlo frèt pou yo rete fre.
- ✓ Asire yo bwè anpil dlo, menmsi yo pa swaf.
- ✓ Ankouraje yo mete rad ki lejè ak lach sou yo.
- ✓ Ba yo dlo epi ede yo rete fre si:
  - y ap swe anpil
  - yo santi toudisman
  - yo gen lakranp miskilè
  - yo gen kèplen
- ✓ Rele 911 oswa ale nan saldijans ki pi pre a si yo gen nenpòt nan siy sa yo:
  - konfizyon oswa dezoryantasyon
  - po yo cho ak sèk oswa po yo frèt ak imid
  - feblès oswa vètij
  - kèplen oswa vomisman
  - pwoblèm pou respire

Pou jwenn plis enfòmasyon, rele 311 oswa ale sou sitwèb [nyc.gov](http://nyc.gov) epi chèche heat illness (maladi chalè lakòz).